


## АСТИНСÆЙ АНЗЕЙ РАЗМÆ РАЙДÆДТА УСТУР ФИДИБÆСТОН ТУГЪД

***Райгурæн бæстæ немуцаг-фашистон гадзирахаттæй æрбалæборгутæй багъæуай кæнуни тохмæ Хумæллæги цæргутæй рандæй 900 адæймагемæй фулдæр, уой дæр айдагъ нæлгоймæгтæ, фал ма æригон кизгуттæ дæр... Хумæллæггаг тугъдонтæй 567, сæ фулдæр хуæрзæригон уогæй, сæ фидиуæзæгбæл нæбал исæмбалдæнцæ, сæ цард иснивонд кодтонцæ Фидибæсти сæрбæлтау. Уони рохс нæмттæ æностæмæ исцитгин кæнуни туххæй гъæуи дзиллæ син нивварддтонцæ, мæнæ къари ке уинетæ, еци номерæн циртдзæвæн...***

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№3 (784) 2021 анзи 2 февраль – комахсæни мæйæ

## АХСГИАГ ЦАУ




### АДÆМИ УОДÆНЦОЙНÆН

Ирæфи райони Æхсæрисæри исаразтонцæ нæуæг фельдшерон-акушерон косæндонæ.

Финддæс æма æртинсæй квадратон метри кæмæн æй æ еумæйаг фæзуат, еци медицинон объект тагъд рæстæги искосдзæнæй, – зæгъуй райони Централон сæйгæдони сæйраг дохтир Бесолти Тамерлан. – Бæстихай технологон уагæй ефтонггонд æй. Стационарæн си бунæттæ нæййес, фал аци фарста лух кæндзинан. Зæгъун ма гъæуй уой дæр, æма нисангонд цæуй аци анз Мæцути дæр фельдшерон-акушерон косæндонæ исаразун.

***

Нæ республики Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади къабази абони архайди фæдбæл æрмæгутæ кæсетæ 2-аг фарсбæл.

**РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»**

**2021 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН. Æ РАФИНСУНИ АРГЪ АНЗИ ÆРДÆГÆН ÆЙ 357 СОМИ ÆМА 36 КЪАПЕККИ; УÆЛБАРТÆМÆ ГÆСГÆ БА – 315 СОМИ ÆМА 90 КЪАПЕККИ.**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР.**




## ДЗУРДИ ФАРНÆХÆССÆГ – ДЗИЛЛÆН ХУÆРЗГÆНÆГ!..

Цийфæнди доги дæр, рæстæгутæ цийфæнди фæйнæхузти ку кæниуонцæ, уæддæр дзилли алкæддæр гъудæнцæ, нерæнгæ дæр гъæунцæ, уæдта, баруагæс уи уæд, гъæудзæнæнцæ дзиллон хабархæссæг фæрæзнитæ. Кæддæр уæлдай фулдæр, кæддæр ба æстæндæр, фал бустæги æнæ уонæй ба некæци æхсæнади бон исуодзæнæй æ цардарæзти хабæрттæ адæми цæсти исахедгæ кæнун.

Уомæн æма дзурди хъаурæ агъазиау æй. Нæ фидтæлтæ хумæтæги нæ зæгъиуонцæ: «Дзурд ци бакæна, уой дуйней тохæндзаумæутти бон дæр нæ бауодзæнæй!..» Уомæ гæсгæ етæ багъæуаги дзурд зæгъунæн се 'хсæнæй алкæддæр сæрмагонд лæгти æвзурстонцæ.

Нури доги æхсæнади медæгæ дзурд зæгъуни барæ хауй дзиллон хабархæссæг фæрæзнитæмæ. Уонæй берæ аразгæ ‘й, æма уомæ гæсгæ бæрнондæр уонцæ, æнæмæнгæ æнхæстгæнгæ син уа фæткæ: дзурд æ рауæни ку уа, уæд алли афони дæр бæззуй.

Æма цæмæй æцæгæйдæр уотæ уа, уой туххæй æнхæстkæнуйнаг фарстати фæдбæл æрæги дзубанди цудæй нæ республики журналистти Цæдеси еумæйаг æмбурди. Бæлвурддæр æрмæг мухур кæндзинан нæ газети хæстæгдæр номертæй еуеми.

http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru gazeta_digoria

*Дзæуæгигъæуи æрæги арæзт æрцудæй документалон киноноивæ «Цæгатаг сæйраг сахари алантæ»-йи презентаци. Ист æрцудæй нæ республики национ рахастдзийнæдти фарстати фæдбæл Министради æма Петербурги цæрæг ирæнтти æхсæнади фæндонмæ гæсгæ. Æвдист си цæуй, аци сахар нæ республики социалон-рохсадон ирæзтбæл, куд исахедудта, е.*

# ЦÆМÆЙ ЭПИДЕМИОЛОГОН УАВÆР ЕУГУР РАУÆНТИ ДÆР ХУÆЗДÆРМÆ ÆЙЙЕВА...

ЦÆГАТ Иристони Сæргълæуuæг **Битарти Вячеслав** архайдта, Цæгат Кавкази федералон зилди Уæрæсей Президенти Æнхæстбаргин минæвар **Юрий Чайка** ци урух видеоконференци исаразта, уоми. Фембæлди архайгутæ æрдзурдтонцæ коронавируси незæфтауæг парахат кæнунæн уæлæнхасæн гæрæнтæ æвæруни фарстатæбæл. Сæрмагонд æргом раздахтонцæ нези нихмæ вакцини мадзæлттæмæ.

Цæгат Кавкази федералон зилди субъектти разамонгутæ æма хецауади регионалон оргæнти иннæ бæрнон косгутæй уæлдай, дзубандий архайдтонцæ Уæрæсей æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министри хуæдæййевæг Олег Гриднев, федералон агентадæ «Росздравнадзор»-и разамонæг Аллæ Самойлова, федералон агентадæ «Роспотребнадзор»-и разамонæги хуæдæййевæг Еленæ Ежлова æма æндæр федералон ведомствити минæвæрттæ.

Æмбурди райдайæни, Юрий Чайка куд фæннисан кодта, уотемæй федералон центри 'рдигæй еудадзугон цæстдард ес регионти исæвзургæ эпидемиологон уавæрмæ, ку багъæуй, уæд федералон ведомствитæ хецауади регионалон оргæнтæн уæлæнхасæн агъаз бакæнунцæ, цæмæй исæвзургæ фарстатæ ахедгæдæр хузи лухгонд цæуонцæ. Уæхæн æнгом æмархайд, Юрий Чайки дзубандимæ гæсгæ, хуæздæрæрдæмæ ахедуй уæззау незæфтауæги хæццæ тохи гъуддагбæл.

– Цæгат Кавкази федералон зилди исæвзургæ эпидемиологон уавæр нурма зæрдæзæгъгæ нæй. Аци къуæрей райдайæнмæ коронавирусæй сæйгитæ федералон зилди рабæрæг æй 142 мин адæймаги (е æй Цæгат Кавкази еугур цæргути 1,5 процентей бæрцæ). Уæхæн æууæлти архайгæй, уæлдай ахсгиаг нисанеуæг ес федералон зилди цæргути дзиллон вакцинацийæн, – бафеппайдта Юрий Чайка.

Æнхæстбаргин минæвар æмбурди архайгути зæрдæбæл æрлæууун кодта, къуæрей размæ Президент Владимир Путин карз нези нихмæ дзиллон вакцинаци райдайун регионти разамонгутæн ке байхæс кодта, уой. Регионти вакцинаций мадзæлттæ куд цæудзæнæнцæ, уомæ æ цæстæ даруй коронавируси пандемийæн гæрæнтæ æвæруни сæрмагонд федералон координацион совет дæр.

– Нуртæккæ Цæгат Кавкази федералон зилди байгон æнцæ вакцинаций 141 стационарон пункти. Архайд цæуй, цæмæй сæ куст райдайуонцæ вакцинацигæнæн цæугæ пункттæ дæр. Ке зæгъун æй гъæуй, уæхæн цæугæ пунктти фæрци зингæ фæффулдæр уодзæнæй дзиллон вакцинаций гъомус. Уæхæн организацион мадзæлттæ æнхæст кæнгæй, фиццаградон æргом гъæуама æздæхт æрцæуа вакцинаций ахедгæ æма æдас уагæвæрдмæ. Алкæци региони дæр гъæуама федаргонд æрцæуа дзиллон вакцинаций график. Уой фæсте æнцондæр бæрæггæнæн уодзæнæй, еци фæткæ куд æнхæстгонд цæуй, е, – загъта Президенти минæвар.

Зундгонд куд æй, уотемæй вакцинаций мадзæлттæ нури уæнгæ æнхæстгонд цæунцæ Цæгат Иристони дæр. Профилон ведомствити минæвæртти дзубандимæ гæсгæ, коронавируси нихмæ хуастæ æфснайд цæудзæнæнцæ фармацевтикон скълади (еци бунæттæ ефтонг æнцæ уазалгæнæнтæ æма æндæр сæрмагонд техникæй). Еци-еу рæстæг еци бунæтти бафснайæн ес вакцини 1500 комплекти бæрцæ. Вакцинаций мадзæлттæ ка æнхæст кæнуй, медицинон косгути еци бригадитæн рагацау исаразтонцæ методикон ахуртæ.

Вакцинаци кæми кæнунцæ, еци медицинон косæндæнттæ дæр хуарз бацæттæ кодтонцæ аци ахсгиаг кампанимæ. Коронавируси нихмæ вакцинæ уæлдай уазалдæр бунати дарун ке гъæуй, еци æууæл хинцгæй, поликлиникити исæвардтонцæ гъомусгин уазалгæнæнтæ.

Цæгат Иристони вакцинаци нуртæккæ æнхæст кæнунцæ 11 сæрмагонд пункти. Абони уæнгæ бал республикæмæ исæрвистонцæ вакцини 2442 комплекти. Нури уæнгæ бал вакцини фиццаг хай искодтонцæ 1009 адæймагемæн.

Цæгат Кавкази федералон зилди регионтæмæ вакцинæ циуавæр бæрцитæй æрвист цæудзæнæй, уой туххæй информаций хæццæ æмбурди радзубанди кодта Уæрæсей Федераций Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министради департаменти директори хуæдæййевæг Иннæ Куликова. Æ дзубандимæ гæсгæ, феврали уæнгæ Цæгат Иристонмæ исæрветдзæнæнцæ 26500 дози.

Æмбурдæн хатдзæгтæ кæнгæй, Юрий Чайка куд фæннисан кодта, уотемæй дзиллон вакцинаций мадзæлттæ федералон зилди регионтæ куд æнхæст кæнунцæ, уомæ Президенти минæвайради аппарати 'рдигæй уодзæнæй лæмбунæг цæстдард. Æ дзубандимæ гæсгæ, федералон ведомствитæ æмæ минæвайрадæ регионтæн еугурвæрсуг агъаз кæндзæнæнцæ, цæмæй Уæрæсей Федераций Президенти амунддзийнæдтæ дзиллон вакцинаци исаразуни туххæй нисангонд æмгъудтæмæ æнхæстгонд цæуонцæ.

***Республикæ Цæгат Ирисстон-Аланий Сæргълæуuæги æма Хецауади пресс-службæ***



# МЕДИЦИНОН КЪАБАЗИ ГÆНÆНТÆ УРУХДÆР КÆНУНЦÆ

2021-2025 æнзтæмæ Республикæ Цæгат Ирисстон-Аланий æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади къабази фиццаградон агъаз райаразун»-и программи фæлгæти æрæги республики медицинон косæндæнттæ райстонцæ нæуæг хуæдтолгитæ «Ладæ-Грантæ» æма «Нивæ». Дæгъæлтæ медицинон косæндæнтти сæйраг дохтиртæн равардта республики Хецауади Сæрдар **Тускъати Таймораз**.

Аци æхцæуæн цау адтæй, фидбилизи медицини Центр кæми æрбунат кодта, еци рауæн. Медицинон косæндæнтти сæйраг дохтиртæн, фиццагидæр, арфæ ракодта республики Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг, æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министр **Годжицати Тамерлан.** Уой фæсте ба радзубанди кодта Тускъати Таймораз æма е загъта:

– Аци хуарз гъуддаг къохи бафтудæй республики Хецауади æнхæстгæнæг еугур оргæнти æнгом кусти фæрци. Медицинон агъаз размæ ракæнуни туххæй нæ республики ци программитæ æнхæстгонд цæунцæ, уони фæлгæти аци нисани хæццæ мадзæлттæ фулдæрæй-фулдæр кæнунцæ. Уæлдай устурдæр æздæхт цæуй æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади къабази фиццаградон агъаз фæххуæздæр кæнунмæ, уомæн æма уомæй аразгæ 'й медицини еумæйаг уавæр. Е уæлдай ахсгиаг æй, фæстаг рæстæг нæуæг хуæцгæ нез ке рахæлеу æй, еци гъуддаг хинцгæй.

Нæуæг хуæдтолгитæ лæвæрд æрцудæй: Хонсайраг поселокки 1-аг поликлиникæ æма Карцай амбулаторийæн, Æрæдони æма Рахесфарси районти центрон сæйгæдæнттæн æма Хумæллæги амбулаторийæн. Горæтгæрон районы центрон сæйгæдонæ æма Хъобани фельдшерон-акушерон пункттæн, Æрхонки, Гизæли, Майскийи æма Михайловски гъæуи амбулаторитæн, Мæздæги райони центрон сæйгæдонæн, уæдта Терски, Троицки æма Виноградныйи станицити амбулаторитæн.

Тускъати Таймораз куд загъта, уотемæй, уæлдæр ранимад медицинон косæндæнттæн аци нæуæг гæнæнтæ сæ кустбæл гъæуама хуарзæрдæмæ фæббæрæг уонцæ.

– Медицинон агъаз никки хуæздæр ке фæуудзæнæй æма адæммæ никки тагъддæр ке хъæртдзæнæй, е ни федарæй æруагæс кæнуй.

# АХСГИАГ ГЪУДДАГМÆ – БÆРНОН ЦÆСТИНГАС



НÆ РЕСПУБЛИКИ хуæцгæ нез COVID-19-и нихмæ дзиллон вакцинаций мадзæлттæ куд æнхæстгонд цæунцæ, уобæл æрæги дзубанди цудæй дзиллон хабæрхæссæг фæрæзнити минæвæрттæн сæмагондæй арæзт мадзали. Уоми нæ республики æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министри хуæдæййевæг Томайти Тамарæ баханхæ кодта:

– Гъæрæй дзорун дæр æй не 'ндеуæн, фал нæ республики эпидемиологон уавæр еуминкъий фæххуæздæр æй, хуæцгæ нез коронавирусæй сæйгити нимæдзæ зингæ фæмминкъийдæр æй. Фал ни е домуй никки бæрнондæр ун. Гъæуй идарддæр дæр хе гъæуай кæнун, дарун медицинон маскитæ æма «Роспотребнадзор»-и амундтитæ æнхæст кæнун.

Нæ республики Сæргълæуuæг Битарти Вячеслав эпидемиологон уавæрмæ æ цæстæ лæмбунæг даруй, аллибон ни домуй бæрæггæнæнтæ. Нæ медицинон косæндæнттæ медицинон техникæ æма еугур дзæбæхгæнæн хуастæй дæр æнцæ æнхæст, алцидæр нæмæ ес фагæ, тухстдзийнадæ нецæмæй æййафæн.

Абони уæнгæ нæ республики вакцинаци искодтонцæ 1302 адæймаги. Вакцинæ Гам-КОВИД-Вак арæзт æй дууæ компонентемæй. Адæймаги гъæуама дохтир-терапевт фæуууина, исбæрæг ин кæна æ тоги æлхъивдадæ, ести уæззау незтæй сæйгæ 'й æви нæ, æма ин уæд искæнунцæ прививкæ – вакцини фиццаг компонент. Дуккаг компонент искæнунцæ, фиццаг вакцинацийæй 21 бони ку рацæуй, уæд. Вакцинацигонд адæймагмæ дохтиртæ еудадзуг, аллибон дæр сæ цæстæ дарунцæ. Вакцинаций фæсте хелæдæрундзийнадæ еугурemæн æмхузон нæ фæууй, фал вакцинаций фæсте фиццаг сутки бауæри тæвдæ исхезуй, дуккаг бон е дæр фесæфуй. Нерæнгæ еу уæхæн хабар дæр нæ адтæй, æма вакцинаций фæсте еске балæгъуз уа, кенæ, Хуцау бахезæд, рамæла.

Æдеугурæй нæ республикæ райста 2442 вакцини. Тагъд рæстæги ма райсдзинан 1400 дози вакцинитæ. Нæ куст цæуй пъланмæ гæсгæ, вакцинацигонд ци адæм æрцудæнцæ, етæ сæхе æнкъарунцæ хуарз.

Нæ республики «Роспотребнадзор»-и медицинон дзæбæхгæнæн фæрæзнитæмæ цæстдарди хайади сæргълæуuæг Найфонти Бэллæ ба куд фегъосун кодта, уомæ гæсгæ вакцинæ медицинон уагæдæнтти дарун гъæуй сæрмагонд уавæрти. Нæ бон федарæй зæгъун æй: еци уавæртæ еугурæйдæр æнхæстгонд цæунцæ, сауæнгæ надбæл ласгæй дæр.

Томайти Тамарæ ма куд фæббæрæг кодта, уотемæй вакцинаци кæнæн ес, 18 анзи кæбæл исæнхæст æй æма уомæй фулдæр кæбæл цæуй, уæхæн адæмæн. Вакцинацигæнæн пункттæ байгон æнцæ нæ республики алли районти дæр. Уомæй уæлдай ма идард гъæутæмæ æрветунцæ тагъд агъази бригадитæ.

Уæрæсей науки къабази архайгутæ 8 феврали бæрæг кæндзæнæнцæ сæ профессионалон бæрæгбон – Уæрæсейаг науки Бон.

*Игъустгонд французаг финсæг Жозеф ЖУБЕР (1754-1824) фæдзахста: «Цард æй, ка базæронд æй, еци адæймæгутæ сæ ниви бæнттæ кæми рарвистонцæ æма берæ зундамонæн хабæрттæ кæми базудтонцæ, уæхæн бæстæ. Æма æ царди нæдтæбæл ранæхстæр унмæ ка гъавуй, етæ зæрæндти фæрсæнтæ, кутемæйти сæбæл цæугæ ‘й, уомæй...»*



# ÆХСÆНАДИ АСТÆУ ФЕДУДДЗИЙНАДÆЙ ИРÆЗУЙ Æ ФАРНÆ



Хуцау адæймаги ци сикъитæй исфæлдиста, уомæй ма имæ еу къæрт райзадæй. Æма уæд æ исфæлдист адæймаги бафарста:

– Амæй ба ма дин ци исаразон?

– Амонд! – федарæй загъта адæймаг.

Хуцау неци исдзурдта, уотемæй ин еци къæрт æ къохи æривардта, гъома, дæ амонд ба дæхуæдæг аразæ.

Хуцауи еци фæдзæхст ка балæдæруй æма ин амонд аразунæн ци «къæрт» лæвæрд æрцæуй, æ райгурци уомæй æнхæстæй æма федауцæ хузи ку испайда кæнуй, уæд æцæгæй иссеруй æ амонд, царди цæмæ фæббæллуй, етæ ин бантæсунцæ æма уомæ гæсгæ ба æ карнæ исрайдзаст уй…

Аци хабар уомæ гæсгæ раймистан, æма адæймаг æ цардиуаги фæткитæ аразгæй гъæуама архайа, ци равгитæ ин ес, уони кæрæй-кæронмæ исгъуддагон кæнунбæл. Цæмæй равгитæ ба бæрцæй фагæ уа, е ба аразгæ ‘й хецаудзийнадæй дæр æма æхсæнадон институттæй дæр. Уæлдай ихæстæ хауй еци æгъдауæй дини еугæндтæмæ дæр. Уонæн сæ архайди нисантæн сæ агъазиаудæр гъæуама уа дзилли медастæу, ка ци адæмихаттæй æй, кенæ ци дин æнхæст кæнуй, уомæ нæ кæсгæй кæрæдзей лæдæрундзийнадæ æма нимайундзийнадæ федар кæнун, еумæйагæй райдзаст цардарæзтбæл архайдмæ сæ разæнгард кæнун.

Аци æма æндæр, се ‘хсæнадон ахедундзийнадæ бæрзонд кæмæн æй, уæхæн фарстати фæдбæл бундорон дзубанди рацудæй, Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Битарти Вячеславæн** æрæги ци косæг фембæлд адтæй пусулмæнтти уодварни республикон Управлений разамонæг **Гуæцæлти Хаджимората** хæццæ, уоми.

Цæгат Иристони муфтийæн арфæ ракодта, зæрдиагæй ахсгиаг æхсæнадон куст ке кæнуй, уæлдайдæр ба фæсевæди раст гъомбæладæмæ устур æргом ке ‘здахуй, уой туххæй. Битари-фурти дзубандимæ гæсгæ, дини косгутæ устур æвæрæн хæссунцæ алли адæмти ‘хсæн федуддзийнадæ æма хæлардзийнадæ федардæр кæнуни гъуддагмæ. Æ радзубандий баханхæ кодта?

– Цæгат Иристони пусулмæнтти уодварни Управлени зæрдиагæй архайуй республики æхсæнадон-политикон царди. Иннæ динти минæвæртти хæццæ сумах косетæ, республики хузæнондзийнадæ æма сабур цард багъæуай кæнунæн агъаз ка ‘й, еци нисантæбæл. Сæрмагондæй мæ зæгъун фæндуй, уой, æма ирæзгæ фæлтæри хæццæ сумах ци ахедгæ куст кæнетæ, е хъæбæр ахсгиаг æма арфиаг архайд æй. Уомæн æма фæсевæди раст гъомбæладæ ‘й нæ еумæйаг ихæс. Æма уой фæдбæл ци берæ аллихузон медесгун гъуддæгутæ аразетæ, уой туххæй уи боз ан æма уин арфæ кæнун.

Гуæцæлти Хаджиморат дæр райарфæ кодта Цæгат Иристони Сæргълæууæгæн, Управлений архайдмæ рæдау цæстæй ке кæсуй, уой туххæй. Гуæцæли-фурт куд загъта, уотемæй сæ идарддæри архайди дæр сæрмагонд æргом æздæхт уодзæнæй ирæзгæ фæлтæри хæццæ кустмæ.

Нæ республики Сæргълæууæг æма муфтий сæ фембæлди рæстæг уæлдай лæмбунæг ке æрдзурдтонцæ ирæзгæ фæлтæрти гъомбæлади фарстатæбæл е лæдæрд æй. Нæ тухгин Уæрæсей медæгæ евгъуд æноси кæрони ка райдæдта æма нин нæ цардиуагæ хъæбæр ка ниххæлхъойтæ кодта, еци фудрунтæй кæдæй-уæдæй ке исуæгъдæ ан, е не 'знæгти зæрдæмæ нæ цæуй, æма нæ нæуæг фидбилизти багæлдзунмæ гъавунцæ, аллихузон æндзарæн миутæ аразунцæ. Уæлдай бæлах ба е æй, æма æсхъæтæг кæнунцæ кæстæрти, ардаунцæ сæ, ахъелунцæ сæ æнæзакъон фудракæндтити архайунмæ.

Хуарз æма уæхæнæй мах республики неци цæуй, нæ дзиллæ, уæлдайдæр ба нæ кæстæртæ еци æнседæнти фæдбæл нæ рацудæнцæ. Дзубанди дæр ибæл нæййес, е æхцæуæн æй, фал уой хæццæ никки фæббундорон кæнун гъæуй кæстæрти гъомбæлади фарстати фæдбæл архайд – æхсæнади медæгæ ци думгитæ иситинг унцæ рæстæгæйрæстæгмæ, етæ нæмæ ци хъилматæ æрбадумдзæнæнцæ, етæ нæ куд неци фудуагæдзийнадæй фегъæстæ кæнонцæ, нæ бон си куд уа нæхе багъæуай кæнун, нæ кæстæрти зундирахаст уонæй тухгиндæр куд разинна.

Муфти лæмбунæг радзурдта 2020 анзи Управлени ци фарстатæбæл куста, уой туххæй. Сæрмагондæй æрлæудтæй 2021 анзи архайди нисантæбæл дæр.

Фембæлди архайгутæ ма æрдзурдтонцæ нæ республики æхсæнадон-конфессионалон царди æндæр ахсгиаг фарстатæбæл дæр.

**АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..**

# ЗÆРДÆХЦÆУÆН ЦАРД ПАДДЗАХÆН ДÆР КУ НÆЙЙЕС!..

***Уæрæсей цæргутæ уæлдай хъæбæрдæр цæмæ бæллунцæ? Еци фарста исбæрæг кæнуни зæрдтæй æхсæнадон цæстингас æртасæг Еугуруæрæсеуон центри æртасгутæ телефонæй бафарстонцæ нæ бæсти 1600 адæймагей, кæцити бон адтæй æртæ хузи дзуапп раттун.***



Æма куд рабæрæг æй еци æрфарсти, уотемæй адæм уæлдай хъæбæрдæр бæллунцæ сæхе æма сæ хæстæгути æнæнездзийнадæмæ (10%), сæ бийнонти цæрæн уавæртæ фæххуæздæр унмæ (10%) æма балци кæнунмæ (8%). Ке бафарстонцæ, уонæн се ‘мбесæй фулдæр (55%) бæлвурдæй зонунцæ, сæ бæлдитæ кæд исæнхæст уодзæнæнцæ, уой. Сæ зæрди ци ес, е син еу-дууæ анземæ бантæсдзæнæй, зæгъгæ, нисан кæнунцæ 27%, æртæ-фондз анзей дæргъи ба – 15%, уобæл ка нæма расагъæс кодта, уони бæрцæ ба рауадæй 15%.

**Исæнхæст кæнун уин æй бантæсдзæнæй, зæгъгæ, уæмæ уæ кæци бæлдæ кæсуй?**

| | |
|---|---|
| Амондгун бийнонтæ исаразун, хуарз цæуæт исгъомбæл кæнун | 90 |
| Рæстуодæй цард фæццæрун | 85 |
| Нифсгун кæмæй уа, уæхæн æрдхуæрдтæй фæххайгин ун | 85 |
| Цæмæдессаг куст иссерун | 76 |
| Хуæрзгъæдæ ахурадæ райсун | 71 |
| Зæрдæхцæуæн гъуддаги, аййевади архайун | 66 |
| Æнтæстгин исун | 59 |

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ...



*Еухатт еу зæронд уосæ сæнарæ фæтæгенæй бапурф кодта æма денгизи ‘рдæмæ рараст æй. Еу лæг ибæл рамбалдæй æма ‘й фæрсуй:*

*– Мæ, мади хай, кумæ цæуис?*

*Уосæ ин дзуапп равардта:*

*– Уæртæ денгиз басодзон.*

*Лæг бабæй æй фæрсуй:*

*– Æма сæнарæй денгиз басодзун куд æнгъезуй?*

*– Æз фудмиумæ бакæндзæнæн, идарддæр ба мæн гъуддаг нæй.*

*Загъдæн байзадæй: «Цийфæнди фудмиуæ ку бакæнай, уæддæр денгиз нæ басодздзæнæ…»*

Аци хабар рагон æй, фал дессагæн еци киудт зæронд уоси хузæн æндзаргутæ абони дæр не ‘хсæн разиннуй. Кадæр цæмæдæр гæсгæ æ зæрдæмæ фæццæуй, æма уæд знаггадæ кæнун байдайуй æнæгъæнæ гъæубæстæн дæр. Уæлдай бæлах ба е фæууй, æма уæхæнттæн се 'ндзарæн дзæнгæдатæн дзурди барæ ку раттунцæ дзиллон хабархæссæг фæрæзнити.. Æма еци зæронд уосæ денгиз еунæг хатт басодзунмæ кæд багъавта, уæд нæ нæ медастæу фæккæрæдземæ кæнунмæ ка гъавуй, уони ахъелæн дзубандитæ ба æгæр ахид райгъусунцæ.



**Иринæ РОДНИНА, Паддзахадон Думи депутат: «Уотæ цæмæн æнгъæлетæ, æма Артем Дзюба политики архайун ку байдайа, уæд цидæр æбуалгъдзийнадæ æрцæудзæнæй?..»**

– Цæбæл бадес кæнæн, уæхæнæй, æвæдзи, неци æрцæудзæнæй, уомæн æма исахур ан, политикæ ци æй, уой лæдæргæ дæр ка нæ кæнуй, етæ ку æрбаполитиктæ унцæ, уобæл. Фал Дзюба… Гъуди ма ‘й кæндзинайтæ аци футболист ке фæрци фæккоййаг æй, еци видео – æ къахæй гъазгæ футболи фæрци гъазта – бахатир кæнетæ, – къохæй хеерхæфсæнтæй. Уæхæн «искурдиади» хæццæ, Роднинай гъудимæ гæсгæ, Думи хеуон уодзæнæй æма си æгæрдæр ма бабæздзæнæй?..



**Сергей ЗВЕРЕВ, стилист: «Афонæ мин æй депутат исун, рагъуди-багъуди кæнун ибæл нæбал гъæуй. Æз уæлиауæй-уæлиаудæр стъалу дæн, стили дзиуари хузæ, моди кадæнгæ…»**

– Æцæгæйдæр, модæ цийфæнди ку уа, уæддæр уæхæн къабазæ ‘й, æма си гъуди кæнун гъæуй. Депутат уæхæн «бегарайæй» уæгъдæ ‘й. Уой дæр уойбæрцæбæл æнæсагъæс æнцæ, æма ести унаффæбæл исгъæлæс кæнунмæ дæр зийнадæ кæнунцæ, æма кæрæдзей бæсти гъæлæсгæнæн кънопкитæ ралхъевæ-балхъевæ кæнунцæ. Гъема, Зверев-стъалу, размæ!



**Сергей КРАВЦОВ, Уæрæсей Федераций рохсади министр: «Æвæдзи, нур дæр ес цæмæдессаг педагогон иссерæггæгтæ, методикитæ, кæцити æнгъезуй бафæлварун, испайда си кæнун, – ахургæнгути æма ниййергути аразийæй…»**

– Нуриккон Уæрæсей ахуради фæстаг æнзти цæмæдессагæй кæд ести æрцудæй, уæд, фиццагидæр, не ‘хсæнадæн хъæбæр сагъæссаг ка иссæй, еци «æййивддзийнæдтæ». Денгизбæл бандзарун ка исфæндæ кодта, еци зæронд уоси хузæн фудзунд разиндтæнцæ, аци къабази сæргъи ка лæудтæй, етæ æма бунсугъд бакодтонцæ советон доги ахуради хуарзæй цидæриддæр адтæй, уони. Цитæ æримистонцæ, етæ ба сæ нæбæззундзийнади фудæй æхсæнади медæгæ бустæги исдзурдтаг æнцæ. Иннæ дессаг ба е æй, æма нури разамонæг æ дæлбарæ къабази цийиести туххæй «æвæдзи, ес», зæгъгæ ке дзоруй… Нæ сæ зонуй, æви ‘й уоййасæбæл гъæугæ ин нæ ‘нцæ.

**Искурдиадæгин поэт Хозити Ясони фурт Якови райгурдбæл 8 феврали æнхæст кæнуй фондз æма фондзинсæй анзи (1916-1938).**

*Номдзуд итайлаг поэт Алигьери ДАНТЕ (1265-1321) уотæ финста: «Æрдзæ ин ци фадуæттæ исаразта, уони фæрци æ фиди надбæл ка рацæуй, еци фурт æй хъæбæр растауйнаг. Адæми муггаг æнцæ арви цæуæт. Уомæ гæсгæ адæм тæккæ хуæздæр уавæри фæуунцуæ, се 'рдзон равналæнтæмæ гæсгæ арви менеугутæ ку фæффæнзунцæ, уæд...»*

# ÆМА НИ БОЗ КУД УОНЦÆ НÆ БОЦ ИУАЗГУТÆ!..




***Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæг БИТАРТИ Вячеслави разамундæй адтæй Цæгат Иристони Проектон офиси радон æмбурд.***

Дзубандий архайдтонцæ республики Хецауади Сæрдари фиццаг хуæдæййевæг Сæбæтхъуати Æхсарбег, Хецауади Сæрдари хуæдæййевгутæ Иринæ Азимова æма Фадзайти Æхсарбег, министрадтæ æма ведомствити разамонгутæ, уæдта РЦИ-Аланий Ирæзти агентади косгутæ.

Фиццаградон республикон программæ «Туризм» æнхæст кæнунбæл куст куд цæуй, уой туххæй æмбурди радзубанди кодта профилон комитети сæрдар Хъодзати Заурбег.

Комитети разамонæг куд фæннисан кодта, уотемæй 2020 анзи туризми къабази райрæзтæн ци мадзæлттæ иснисан кодтонцæ, етæ еугурæйдæр исаразтонцæ. 2021 анзи пълантæбæл дзоргæй, Хъодзай-фурт куд фæннисан кодта, уотемæй комитети специалисттæ нуртæккæ сæхе цæттæ кæнунцæ туризми дууæ устур равдистемæ (етæ адтæнцæ мартъий æма апърели).

Уомæй уæлдай, идарддæр куст цæуддзæнæй, цæмæй Уæрæсе æма фæсарæйнаг бæстити цæргутæ фулдæр хабæрттæ базононцæ Цæгат Иристони историон æма æрдзон зæрдæбæлдарæн бунæтти туххæй, республики туризми райрæзтæн ци урух æма хуарз фадуæттæ ес, уой. Еци нисанæн анзи дæргъи исараздзæнæнцæ дууæ пресс-тури. Уонæмæ фæхходзæнæнцæ зундгонд уæрæсейаг блогертæ æма журналистти.

Хъодзати Заурбеги дзубандимæ гæсгæ, нури уæнгæ сæрмагонд нимæдзон портал «Russpass»-и фæззиндтæй бæлвурд бæрæггæнæнтæ Цæгат Иристони туристон гъомуси туххæй. Е фадуат ратдзæнæй, цæмæй фулдæр туроператортæ се 'ргом раздахонцæ республикæмæ. Туризми гъуддæгути фæдбæл республикон комитет æнгом æмгустадæ кæнуй фонд «Посети Кавказ»-и хæццæ дæр. Аци структурæ дæр берæ аллихузон мадзæлттæ аразуй, цæмæй Цæгат Кавкази федералон зилди туристон къабазæ идарддæр дæр парахатдæрæй ирæза.

Еци гъуддагбæл дзоргæй Хъодзайфурт уотæ дæр ма баханхæ кодта:

– Уой хæццæ мах нæ республики нæхуæдтæ дæр байгон кодтан сæрмагонд Интернет-портал, æма си алли турист дæр бæлвурд информаци иссердзæнæй Иристони цæмæдессаг, зæрдæбæлдарæн бунæтти, уæдта туристон инфраструктури объектти туххæй.

Туристон къабази райрæзти хæццæ баст фарстати фæдбæл ци куст цæуй, уой ахсгиагбæл банимайгæй, Битарти Вячеслав æ радзубандий бафæдзахста, цæмæй идарддæр дæр лæмбунæг æргом æздæхт цæуа нури рæстæги социалон хизæгти равгитæмæ, æнæмæнгæ гъæуй сæ фадуæттæй урухдæр пайда кæнун.

– Евгъуд анзи 'й нæ еугур дæр фæууидтан, раздæри рæстæгутæй уæлдай цæйбæрцæбæл фулдæр туристтæ сæ балций æма сæ фæллад исуадзуни бунатæн Цæгат Иристон ке равзурстонцæ, уой, – загъта республики Сæргълæууæг. – Ке зæгъун æй гъæуй, е æхцæуæн гъуддаг æй, иннемæй ба нæ ихæсгин дæр кæнуй, цæмæй туристти уæхæн бæрцæ нæмæ минкъиййдæр нæ, фал зингæ фулдæр куд фæууа, æма уой туххæй ба исаразун гъæуй гъæугæ ахедгæ мадзæлттæ æма фадуæттæ. Еузагъдæй, нæ еугур равгитæ æма гæнæнтæй дæр архайун, цæмæй нæ республикæ бæлццæнттæн хиццаг уа алцæмæй дæр æма нæмæ адæм разæнгардæй цæуонцæ сæ фæллад уадзунмæ.

Туризми къабази райрæзти фæдбæл цалдæр проектебæл косуй Цæгат Иристони ирæзти Агентадæ дæр. Уонæй еу æй альпинизми райрæзти программæ. Аци фарстабæл агентадæ бакосдзæнæй республики физикон културæ æма спорти Министради хæццæ еумæ. Нури уæнгæ бæлвурдгонд æрцудæй, исонибони альпинистти æма аци къабазæн иннæ специалисттæ кæми цæттæ кæндзæнæнцæ, еци рауæн. Æнхæстгонд цæунцæ организацион мадзæлттæ альпинизми Федераций куст рапарахат кæнунæн дæр.

Æмбурди ма рацудæй дзубанди, Уæллаг Згиди, «туристти Гъæу», зæгъгæ, ци проект æнхæстгонд æрцæудзæнæй, уой хæццæ баст фарстати фæдбæл дæр. Фиццаг кезуй ба уоми исараздзæнæнцæ дæс фæлладуадзæн минкъий хæдзари, сувæллæнтти хеерхæфсæн фæзæ æма хуæрæндонæ. Еци проектбæл куст райдайдзæнæй уалдзæги. «Туристон гъæуи» проектбæл дзоргæй, Битарти Вячеслав Алагири районы разамундæн байхæс кодта, цæмæй се 'ргом раздахонцæ еци бунати коммуналон гъуддæгутæй си цидæриддæр гъæуй, уони гъæугæ хузи исаразунмæ, бæлвурдæй дондзæуæн хæтæлти æма канализацион системити нивæбæлдзийнадæмæ.

Республики экономикон ирæзти министр Томайти Хъазбег лæмбунæг радзурдта, Алагири æма Ирæфи районти фиццаградон экономикон ирæзти тæлмитæ куд арæзт цæунцæ, уой туххæй. Министри дзубандимæ гæсгæ, уæхæн тæлмитæ исаразуни туххæй республикон закъонæвæруйнадæ федаргонд æрцудæй 2020 анзи кæрони. Еци тæлмити косунвæндæ кæмæ фæззинна, еци инвестортæ æма амалгъонтæн паддзахади 'рдигæй цæстæдард цæудзæнæй аллихузон зæрдæбæлдарæнтæй (зæгъæн, кæцидæр хъалонтæ син уодзæнæнцæ минкъиййдæр, кæцидæр хъалонтæй ба сæ бустæгидæр исуæгъдæ кæндзæнæнцæ). Уой хæццæ ма республики Хецауадæ исараздзæнæй æндæр организацион мадзæлттæ дæр, цæмæй инвестортæ æма амалгъонтæ еци экономикон тæлмитæмæ фулдæр æргом раздахонцæ.

Еци экономикон тæлмити сæ проекттæ ци компанитæ æнхæст кæндзæнæнцæ, уони хæццæ нерæнгæ министрадæ косуй. Томай-фурти дзубандимæ гæсгæ, нури уæнгæ бал бафинстонцæ фондз сæрмагонд бадзурди. Уони бундорбæл компанитæ уæлдæр амунд тæлмити æнхæст кæндзæнæнцæ сæ инвестицион проекттæ. Зæгъæн, Дæллаг Унали косун райдайдзæнæй æхсири хуайраги цех, Мизури ба байгон уодзæнæй хуйæн цех æма уотæ идарддæр. Министр куд фæббæрæг кодта, уотемæй хæстæгдæр рæстæг уæхæн бадзурдтæ бафинсдзæнæнцæ никкидæр ма цуппар компанией хæццæ.

– Æма еци куст никки фæйахедгæдæр кæнун гъæуй, цæмæй инвестортæ фулдæр æргом раздахонцæ еци тæлмитæмæ. Е нин фадуат ратдзæнæй, цæмæй ирæза кусти нæуæг бунæтти нимæдзæ, – бафæдзахста Битарти Вячеслав, æма бæлвурд амунддзийнæдтæ равардта республики экономикон ирæзти Министрадæ æма муниципалитетти разамонгутæн.

Куд зонæн, уотемæй республики фæлварæни хузи æнхæстгонд цæуй мæгурдзийнади нихмæ тохи республикон программæ. Анзи дæргъи программи фæлгæти ци мадзæлттæ æнхæстгонд æрцæудзæнæй, уой туххæй æмбурди радзубанди кодта фæллойнæ æма социалон ирæзти министр Хубиати Барис. Анестезиологи æма реаниматологий республикон служби идарддæри райрæзти проектбæл ци куст цæуй, уой туххæй ба радзурдта Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг, æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министр Годжицати Тамерлан.

Проектон офиси æмбурди архайгутæ æркастæнцæ æндæр фарстатæмæ дæр.

***Æрмæг мухурмæ бацæттæ кодта ГÆТИЙТИ Светланæ.***






Нæуæг ахурадон комплекс Хъизлари.


Нæуæг скъолай арæзтадæ Цæликки.


Нæуæг скъолай арæзтадæ Черменигъæуи.


«Кванториум» Дигорай.

# КÆСТÆРИ АХУРМÆ РАЗÆНГАРД КÆНУН – ХЕСТÆРТИ ИХÆС

ЦÆГАТ Иристони скъолати аци анзи кæронмæ уæлæнхасæн байгон уодзæнæй 1500 ахурадон бунатемæй фулдæр. Уой туххæй Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæг Битарти Вячеславæн фегъосун кодта ахурадæ æма науки министр Людмилæ Башарина сæ косæг фембæлди рæстæг.

Дзубандий ма архайдтонцæ Цæгат Иристони Хецауади Сæрдари хуæдæйййевæг Иринæ Азимова æма республики Сæргълæууæги агъазгæнæг Калоти Каирæ.

Людмилæ Башарина æ радзубандий куд баханхæ кодта, уотемæй еци уæлæнхасæн бунæттæ байгон уодзæнæнцæ фиццаградон национ проект «Ахуради» фæлгæти. Еци фадуат равгæ ратдзæнæй, цæмæй, нуртæккæ сувæллæнттæ кезугай, гъома, дууæ фæлтæремæй кæми ахур кæнунцæ, еци цалдæр скъолайеми еци фæткæ æййивд æрцæуа æма си ахуради гъуддаг арæзт цæуа еу кезуйæй.

Профилон министради разамонæг куд радзурдта, уотемæй аци анз нæуæг ахурадон косæндæнттæ фæззиндзæнæнцæ Горæтгæрон районы Черменигъæуи (360 ахурдзауемæн), Мæздæги районы Хъизлари гъæуи (500 ахурдзауемæн), Рахесфарси районы Цæликки (200 ахурдзауемæн) æма Дзæуæгигъæуи 31-32 микрорайонти (550 ахурдзауемæн). Уомæй уæлдай ма аци анз райдайдзæнæй Мæздæги районы Черноярски станици 200-бунатон скъолай арæзтадæ. Еци нæуæгдзийнæдтæ исаразун цæйбæрцæбæл ахсгиаг æй, уобæл дзоргæй министр æ радзубандий баханхæ кодта:

– Нуртæккæ Горæтгæрон районы Черменигъæуи 3-аг скъола косуй дууæ кезуемæй – 550 бунати кæми ес, еци ахурадон косæндонæмæ цæуй, цæйбæрцæ си гъæуама уа, уомæй дууæ хатти фулдæр скъоладзаутæ. Еци гъæуи нæуæг скъола ку байгон уа, уæд сувæллæнттæ дæр ахур кæндзæнæнцæ еу фæлтæрæй. Хъизлари дæр 250 сувæллони ахур кæнунцæ дуккаг фæлтæри. Уоми дæр нæуæг скъолай арæзтади хæццæ еци фарста лухгонд æрцæудзæнæй.

Анзи дæргъи лæмбунæг цæстдард цæудзæнæй уæлæнхасæн ахуради системи æнæгъæнæй райрæзтмæ дæр. Анзи кæронмæ республики гъæууон скъолати косун райдайдзæнæнцæ нимæдзон æма гуманитарон ахуради дууæ æма инсæй нæуæг центри. «Ирæзти тæлмити», зæгъгæ, проекти фæрци скъоладзау фæсевæдæн лæвæрд цæунцæ уæлæнхасæн зонундзийнæдтæ нимæдзон технологити, наукæ æма исфæлдистади къабæзти.

Зундгонд куд æй, уотемæй республики нур цалдæр анзи æнтæстгинæй косуй ахурадон центр «Кванториум». Е æй сæрмагонд еугур республикон косæндонæ – æ фадуæттæй ин зæрдиагæй пайда кæнунцæ республики скъоладзаутæ, сæрмагонд къурситæ си рæстæгæй-рæстæгмæ исаразунцæ ахургæнгутæн дæр…

Æма еци куст идарддæр дæр парахатдæргонд цæудзæнæй. Зæгъæн, национ проекти фæлгæти минкъий «кванториумтæ» фæззиндзæнæнцæ хецæн скъолати дæр. Аци анз уæхæн ахурадон центр байгон уодзæнæй Дзæуæгигъæуи 27-аг скъолай рази. Еци центри сæрмагонд æргом æздæхт цæудзæнæй химион-биологон ахурадæмæ. Центри ци техникон ефтонггæрзтæ багъæудзæнæнцæ, етæ нури уæнгæ æлхæд æрцудæнцæ.

Сæрмагондæй уой дæр зæгъун гъæуй, æма республики разамунди хъæппæресæй 2019 анзæй фæстæмæ æнхæстгонд цæуй химион-биологон ахуради республикон проект. Еци программи уагæвæрдмæ гæсгæ, косун райдæдтонцæ, хими æма биологи цæмæдессаг кæмæн æнцæ æма уони æнхæстдæрæй зонунмæ ка тундзуй, еци искурдиадæгин сувæллæнттæ республики еугур районтæй сæ ахурадæ бундорондæрæй кæми раидарддæр кæндзæнæнцæ, уæхæн сæрмагонд къласта. Аци проекти уагæвæрдтæ царди рауадзунæн бундорон ахурадон косæндонæбæл нимад æрцудæй Дзæуæгигъæуи 27-аг скъола. Æма нур скъолай «кванториум» байгон кæнуни фæсте исонибони химиктæ æма биологтæн фæззиндзæнæй еугур равгитæ дæр арфдæр зонундзийнæдтæ райсунæн.

Уой фæдбæл Битари-фурт баханхæ кодта:

– Химион-биологон ахуради райрæзти проектбæл косгæй, ахурадон процесс аразун гъæуй уотæ, цæмæй скъоладзаутæн нури уæнгæ дæр раргом уонцæ сæ гæнæнтæ, цæмæй хуæздæр базононцæ хими æма биологий наукити сосæгдзийнæдтæ. Еумæ райсгæй, ахуради къабази ци проекттæ æнхæст кæнунмæ бавналдтан, уонæн сæ еугурей нисан дæр æй ирæзгæ фæлтæри гъомусадæ æма искурдиадæ раргом кæнун, ахуради сæ раст надбæл исæвæрун.

Æмбурди ма дзубанди цудæй уобæл дæр, æма сæрмагонд æргом æздæхт цæудзæнæй ахурадæ æма гъомбæлади социалон косæндæнтти уавæрмæ дæр. Зæгъæн, седзæрæй æма æвæгæсæгæй ка байзадæй, еци сувæллæнттæн Дур-Дури ци скъола-интернат «Нифс» ес, уомæн фæффедардæр кæндзæнæнцæ æ материалон-техникон ефтонгдзийнадæ. Уой туххæй радех кæндзæнæнцæ 7,3 миллион сомей бæрцæ.

Людмилæ Башаринай дзубандимæ гæсгæ, анзи дæргъи цалцæггæнæн куститæ исæнхæст кæндзæнæнцæ Раздзоги, Павлодольски, Нæуæг Бæтæхъой гъæуи, Чиколай 3-аг, Цраури, Курттати æма Уæллаг Берæгъзæнги скъолати спортивон залти. Цалцæги фæсте алли зали дæр исæвæрдзæнæнцæ нæуæг ефтонггæрзтæ.

Аци анзи дæргъи идарддæр дæр æнхæстгонд цæудзæнæй сæрмагонд федералон проект «Нимæдзон ахурадон алфамбулай» уагæвæрдтæ царди раудзуни фæдбæл куст дæр. Еци проекти фæлгæти нуриккон компьютертæ æма æндæр уæхæн техникæ анзи дæргъи балхæндзæнæнцæ æртæ æма æртинсæй ахурадон косæндонемæн.

– Фиццаградон национ проект «Ахуради» уагæвæрдтæ æнхæст кæнунбæл ка косуй, еци ахурадон уагдæнтти нимæдзæ гъæуама фулдæр æма урухдæр кæна, – бафæдзахста нæ республики разамонæг. – Проекти сæйрагдæр нисан æй ахуради къабази уавæр зингæ фæгъгъомусгиндæр кæнун. Æма еци ихæсбæл еумæйаг хъауритæй бакосун гъæуй. Скъолатæ æма иннæ ахурадон косæндæнтти материалон-техникон ефтонгдзийнадæмæ уодзæнæй фиццаградон цæстдард.

Людмилæ Башарина ма æ радзубандий куд фæннисан кодта, уотемæй астæуккаг профессионалон ахуради косæндæнтти техникон ефтонгдзийнадæ дæр хуæздæрæрдæмæ æййивд цæуй. Цæгат Кавкази аграрон-технологон æма Елхотти берæкъабазгин колледжти аци анз байгон уодзæнæнцæ нуриккон ахурадон æхсæрдæс æрмадзи. Уомæн фадуæттæ фæззиндтæй, аци дууæ колледжæн национ проекти фæлгæти сæрмагонд гранттæ ке исаккаг кодтонцæ, уой фæрци.

Людмилæ Башаринай дзубандимæ гæсгæ, лæмбунæг архайд цæудзæнæй педагогон косгути профессионалон дæсниадæ бæрзонддæр кæнунбæл дæр. 2021 анзи Цæгат Иристони косун райдайдзæнæй педагогон косгути профессион дæсниадæ бæрзонддæр кæнуни республикон центр.

***На днях, на торжественной церемонии чествования спортсменов и тренеров по итогам прошедшего года принял участие и Глава Северной Осетии Вячеслав БИТАРОВ. Он удостоил высоких наград за заслуги и достигнутые успехи в области физкультуры и спорта десятки молодых людей и их наставников, без которых эти победы не состоялись бы.***



**На снимке: группа талантливых североосетинских борцов-вольников. Впереди сидят (слева направо): Алик ТЕМИРАЕВ и Казбек Магометович ДЕДЕГКАЕВ; стоят (слева направо): Казбек ДЕДЕГКАЕВ, Василий КАЗАХОВ, Валерий ТАВИТОВ и Валерий ДЗИДЗОЕВ.**

# И НА СПОРТИВНОЙ АРЕНЕ БЛИСТАЛ ЗНАМЕНАТЕЛЬНЫМИ ДОСТИЖЕНИЯМИ

В ИСТОРИИ Осетии было немало интересных и выдающихся спортсменов штангистов, фехтовальщиков, конников, легкоатлетов и т.д. Однако мировую славу ей принесли борцы вольного стиля, которые в свое время постоянно входили в составы сборных команд СССР и РСФСР. Думается, нет необходимости перечислять всех, так как их славные имена в нашей республике на устах у каждого.

И тем не менее сегодня хочется сосредоточить внимание на личности Валерия Дзидзоева, который в 70-е годы прошлого столетия показывал прекрасные результаты по вольной борьбе, а сегодня занимается другими делами, в которых так же преуспевает. Достаточно отметить, что он доктор исторических наук, профессор, является одним из ведущих гуманитариев, чья научная деятельность достаточно широко известна не только в пределах Северной Осетии и Кавказа, но и всей России и далеко за ее пределами. Но сегодня не об этом речь – мы хотим вкратце поведать нашим читателям о его спортивных достижениях, которые, подчеркнем, были весьма значимыми в те годы он становился победителем и призером многих престижных соревнований на уровне РСФСР и СССР. Достаточно напомнить, что мастер ковра был победителем молодежного первенства РСФСР, а также вице-чемпионом СССР среди своих сверстников. Кроме того, побеждал на чемпионатах ВЦСПС среди молодежи в 1970, 1971, 1973 гг. Даже на взрослых чемпионатах ВЦСПС в 1972 1975 гг. ему сопутствовал большой успех, когда он победил известных, признанных борцов, например, таких как дагестанцев И.Гамзатова, А.Магомедова, москвичей Евдокимова, Белкина, А.Соловьева, а также ленинградцев В.Тараканова, И.Белоусова, Скворцова и многих других. Опять-таки, чтобы было понятнее современным любителям этого вида спорта, подчеркнем, во-первых, что чемпионаты ВЦСПС в советские времена считались ежегодными престижными соревнованиями, а журналисты их окрестили «малым чемпионатом СССР». И на то были свои основания, если учитывать, что в этих чемпионатах принимали участие сборные команды 26 центральных советов различных ДСО, например, «Труд», «Урожай», «Спартак», «Трудовые резервы», «Буревестник» и т.д. В них участвовали также сборные команды ЦС ДСО «Спартак», «Трудовые резервы», «Буревестник»...

Таким образом, в соревнованиях ежегодно участвовали самые сильные и подготовленные спортсмены за исключением ЦСКА, ДСО «Динамо», а также некоторых других команд. Вот почему журналисты считали соревнования ВЦСПС «малым чемпионатом СССР». Кроме того, на этом чемпионате среди взрослых борцы, занявшие с первого по шестое места, обеспечивали себе присвоение звания мастера спорта СССР. Заметим, что в постсоветский период в силу различных обстоятельств не проводят чемпионаты ни центральных советов ДСО, ни ВЦСПС, ни различные спартакиады, которые в советский период считались весьма престижными соревнованиями. В отличие от него, не проводятся и некоторые другие. В данном очерке мы коротко расскажем, что называется, в тезисной форме о наиболее удачных с нашей точки зрения выступлениях В.Дзидзоева.

К началу 70-х гг. прошлого столетия он побеждал, причем неоднократно, на республиканских юношеских и молодежных соревнованиях не только по вольной, но и по греко-римской (классической) борьбе. Разумеется, входил в сборные команды республики по обоим видам спорта. В его домашнем архиве десятки грамот. Конечно, В.Дзидзоев больше хотел стать вольником. В этом виде спорта он добился приличных успехов, таковой можно считать, к примеру, победу на Всесоюзном турнире по вольной борьбе на приз Совета министров Азербайджанской ССР в 1973 г. в Баку. Или бронзовые медали в чемпионате ВЦСПС в 1973 г. в Запорожье и Спартакиаде высших военных учебных заведений Министерства обороны СССР в 1976 г. в Казани. На этих соревнованиях ему пришлось «скрестить оружие» на ковре с действительно талантливыми, известными и признанными борцами в весовой категории до 90 кг. Среди них можно было бы назвать имена В.Колесникова, А.Лавлинского, В.Фетисова, И.Курбанова и многих других, которые побеждали на крупных всесоюзных соревнованиях. А нашему земляку удалось их одолеть в основном за счет технической подготовки, хотя физически он каждому из них уступал.

После окончания исторического факультета СОГУ в 1975 г. В. Дзидзоев начал работать преподавателем истории и обществоведения в ОГМТ (в настоящее время ВГМТ). Однако через два месяца его призвали в ряды Вооруженных сил СССР, он проходил срочную службу рядовым в Высшем военном зенитно-ракетном училище ПВО Бакинского округа, которое было расположено на ул. Августовских событий в г. Орджоникидзе. Как мастера спора СССР и члена сборной команды республики его оставили служить здесь, чтобы училище в следующем, 1976 г. успешнее выступило в предстоящей Спартакиаде высших военных учебных заведений в Казани. За его команду тогда выступали Казбек Дедегкаев, Тасолтан Хатагов и другие авторитетные спортсмены, на которых и рассчитывало руководство во главе с генерал-лейтенантом А.Мелиховым. Но прежде чем поехать в Казань, борцам пришлось участвовать в соревнованиях Бакинского военного округа. В них все они получили чемпионские звания, в том числе В.Дзидзоев, и началась интенсивная подготовка к соревнованиям в Казани. В весовой категории до 90 кг собрались давние сильные соперники, среди которых выделялся победитель Тбилисского международного турнира 1970 г., мастер спорта СССР международного класса Л.Гадайчук.

Прежде чем выйти в финал, В.Дзидзоеву удалось выиграть пять схваток и одну свести к ничейному результату. Таким образом, в последний день соревнований нашему земляку нужно было «выяснить отношения» на ковре с Леонидом Гадайчуком. Схватка завершилась победой киевлянина с незначительным преимуществом по очкам. По условиям соревнований герой нашего очерка остался на третьем месте и был награжден бронзовой медалью. Отметим, что эти соревнования специалисты и знатоки вольной борьбы воспринимали как чемпионат Вооруженных сил СССР, учитывая, что в высших военных училищах, как правило, на льготных условиях служили самые подготовленные и известные борцы. Следует отметить, что к этому времени на различных соревнованиях Валерий побеждал известных мастеров спорта СССР, таких как А.Иллуридзе из Тбилиси, Э.Меликяна из Еревана, А. Полякова из Алма-Аты, Б.Шомахова из Нальчика, М.Тангиева из Грозного, А.Джамалдинова из Грозного, с которым, кстати сказать, встречался на ковре пять раз. Агрессивный, выносливый чеченец ничего не мог поделать всякий раз с нашим техничным земляком, схватки которых трижды заканчивались вничью, а дважды победу с минимальным преимуществом праздновал Валерий.

Успешным было его выступление и на Всесоюзном турнире в Баку в 1973 г. на призы Совета министров Азербайджанской ССР. Ему удалось победить в шести схватках, среди побежденных им оказались чемпионы страны среди молодежи



**Уникальный случай - на чемпионате Советского Союза среди юниоров в 1970 году весь пьедестал почета заняли воспитанники осетинской школы вольной борьбы (слева направо): Казбек ДЗАМПАЕВ, Казбек КУЛАЕВ и Валерий ДЗИДЗОЕВ (второй призер).**

**4 февраля исполняется шестьдесят лет со дня рождения прославленного борца-вольника, заслуженного мастера спорта и заслуженного тренера СССР Аслана Хазбиевича Хадарцева (1961-1990).**

А.Мурзенков из Минска, И.Чумбадзе из Грузии, В.Шокаров из Нальчика и др. Каждый из этих спортсменов был достаточно оригинальным, интересным и на каждого из них возлагали большие надежды тренеры сборных команд РСФСР и СССР. На Бакинском турнире, о котором писали не только газеты Азербайджанской ССР, но и популярная общесоюзная «Советский спорт», В.Дзидзоев кроме звания чемпиона был награжден специальным призом «За лучшую технику борьбы». А газета «Спорт Азербайджана» назвала нашего земляка «романтиком ковра». Следует подчеркнуть, что главный судья соревнований, московский арбитр А.Красавин, автор отчета о турнире, на страницах «Советского спорта» не скрывал своего большого удовлетворения от техники борьбы В.Дзидзоева, так же как и экс-чемпион мира Айдын Ибрагимов. Свое удовлетворение они выражали и открыто, особенно на церемонии награждения победителей и призеров соревнований, и небольшими репликами в ходе трехдневного турнира. Так, приглашая на ковер нашего земляка, А.Красавин объявлял по микрофону, что выходит не просто В.Дзидзоев из Орджоникидзе, а «талантливый представитель известной на весь мир осетинской школы борьбы». Разумеется, это обязывало и нашего земляка ко многому: к победе, таланту, оригинальности, смелости, настойчивости и т.д. А «мухач» Айдын Ибрагимов обратил внимание на церемонии награждения победителей, когда на верхней ступеньке пьедестала почета стоял герой нашего очерка, на, мягко говоря, невзрачные борцовки чемпиона и тут же распорядился, чтобы принесли новые, фирменные, в которых, кстати сказать, выходили на пьедестал все остальные чемпионы и призеры соревнований. Новыми борцовками наряду с ценным призом был награжден В.Дзидзоев. Бакинский турнир запомнился нашему земляку и по некоторым другим небольшим, но специфическим обстоятельствам.

В дальнейшем были еще прекрасные победы на ковре, но и огорчения тоже. Самое большое состояло в том, что за время учебы в СОГУ он постоянно выбирал между учебой и спортом. К тому же на последнем курсе один из профессоров, А.Х.Магометов, который готов был принять его в аспирантуру, всегда ставил вопрос очень жестко: оставить спорт, побыстрее забыв, что был спортсменом. Уважаемый профессор не был единственным из педагогов, кто, мягко говоря, не одобрял спортивные занятия В.Дзидзоева. Однако судьбе было угодно, что спортсмен, который не был аспирантом А.Х.Магометова, стал вполне успешным аспирантом у другого профессора и досрочно защитил кандидатскую. Затем так же досрочно, на год раньше положенного срока, завершил докторскую диссертацию в докторантуре Ленинградского госуниверситета. Защитив ее прекрасно в 1992 г., он вернулся домой, а вскоре получил и звание профессора. Такова краткая биография педагога, ученого, бывшего успешного спортсмена, который всегда высоко ценил кроме всего остального драгоценное время, которое ему отпустил Всевышний. И сегодня его кредо состоит в том, что после здоровья он больше всего ценит именно его…

***Фатима БОЗИЕВА,***
***член Союза журналистов РФ,***
***Валерий ТАВИТОВ,***
***мастер спорта СССР по вольной борьбе, заслуженный тренер РФ, заслуженный работник высшего специального образования РФ, заслуженный работник физической культуры и спорта РСО-А.***



# АДЗАЛÆН ДÆР ЕС МАДЗАЛ!..

*Дуйней цардарæзт, æвæдзи, уæхæн æй, æма алли доги дæр адæммæ фидбилизхæссæгæй ести адзал фæззиннуй. Рагон дзаманти хабæрттæмæ ку æркæсæн, уæд базондзинан, ци фуддогитæ ба нæ бавзариуонцæ адæм, ци незтæ æма ци рунтæ ба сæ, зæгъун æнгъезуй, бунцагъд нæ кæниуонцæ… Фал, цийфæнди кæд уидæ, уæддæр адæм исарæхсиуонцæ æма адзали нихмæ исамал кæниуонцæ сæ ервæзунгæнæг мадзал. Уомæн æвдесæн, мæнæ дæлдæр ци æрмæг бакæсдзинайтæ, е дæр. Мухургонд æрцудæй 1906 анзи «Ирон газет»-и номертæй еуеми. Æ ниффинсæг ба æхе байамудта айдагъдæр æ номæй – Хъамболат, зæгъгæ.*

*Нæкæси, аци газет Иристони иссæй фиццаг дзиллон хабархæссæг фæрæзнæ. Еци цау иссæй агъазиау нæ адæми æхсæнадон царди. Хумæтæги ин не ‘рцудæй мæнæ ауæхæн аргъонд: «Берæ æности дæргъи æмурæхгæд ка адтæй, уазал æма æнод никкæндæн къæразгæ ку исаразай æма имæ дуйней рохс ку бауадзай, уой хузæн адтæй нæ дзиллæн фиццаг ирон газети фæззинд…»*

*Уой фæдбæл ма æндæр хатт бæлвурддæрæй дзордзинан, нур ба уæ зонгæ кæнæн, абони нин тæссаг хуæцгæ нез цæйбæрцæбæл сагъæссаг æй, уоййасæбæл уæди доги адæми ка тухсун кодта, уæхæн фудбæлахи фæдбæл финст æрмæг.*

## ДЗИУАРÆ

Исæфæн, бунисæфт кæнæн, фудæзнаги фæндиаг кæнæн, нæ минкъийтæ устур ку нæбал кæнонцæ, уæд.

Алли бон дæр хонхи, будури дзиуарæй мæлунцæ æнагъом сувæллæнттæ, мæлунцæ бонмæ дæс – финддæсгæйттæй, мæлунцæ устуртæ дæр. Къуар гъæуеми аци æртæ мæйемæ сувæллонæй берæ фæммардæй, берæ хæдзæрттæ хуæрзревæдæй райзадæнцæ сæ сабийтæй, берети бундортæ фехалдæнцæ. Кæугæ æма дзиназгæй байзадæнцæ берæ мадтæлтæ сæ бæдæлтти фæсте.

Адæм сæхе лæдæрун ку байдæдтонцæ, уæдæй нурмæ сæ дзиуарæ цæгъдуй.

Æнæ фæссæйгæй си беретæ нæ ервазтæнцæ. Алли 10-15 сæйгемæй æртæ мардæй, иннетæ ба ка хъæрæу, ка къуру, ка къулух, ка ба фудкондæй байзаидæ.

Еу нез дæр уотæ хъаурæгин нæ кодта. Куд багъæуай кæнонцæ сæхе, уой неке зудта, фал кæмæн куд æ зунд ахæста, уотæ æхецæн амал кодта: ка ибилистæн, ка дзиуæрттæн лигъстæ кодта, ка гъæдæмæ лигъдæй, фал уæддæр нез æ кæнонтæ нæ уагъта.

Нæ адæм раги базудтонцæ аци нез.

Нарти кадæнгити дæр æ кой ес. Еци рæстæги æй худтонцæ «хæбозæ». Фал нæ адæм аци нез фæстагæрдæмæ хонун райдæдтонцæ дзиуарæ.

Æ номмæ гæсгæ адæм æнгъæл адтæнцæ, цума аци нез дзиуари фудæй æй æма дзиуарæн ковунцæ.

Дзиуарæн адæм ковунцæ, фал уæддæр дзиуарæ æ кæнон нæ уадзуй æма сабийтæ цæгъдуй…

Нур фагæ фæуувæд! Балæдæрун афонæ 'й. Дзиуарæмæ ковунæй неке фæййервазтæй, фал дзиуарæ (хæбозæ) æфтаунæй ервæзунцæ еугурæйдæр.

Куд базудтонцæ адæм дзиуарæфтаун?

Алкедæр зонуй: дзиуарæ фæууй фонсбæл дæр. Бæхæн донхæбозтæ фæззиннунцæ æ къæхтæбæл, гъогæн æ фæздонæбæл, фусæн æ бауæрбæл.

Адæм раги базудтонцæ, дзиуарæ фонсæй адæмбæл ке æфтуйуй, уой.

Еу хатт, 100 анзи ибæл цæудзæнæй, уотæ, Англиси еу гъæуи адæм еугурæйдæр дзиуарæй басадæнцæ, айдагъдæр еу уосæй уæлдай.

Еци уосæн æ гъог дзиуарæй сæйгæ адтæй, уой доцгæй, гъоги фæздонæбæл ци хузæн хæбозтæ адтæй, уæхæнттæ уоси къæхтæбæл фæззиндтæй…

Аци хабар фегъуста еци гъæуи дохтир Дженнер.

Дженнер уæдæй фæстæмæ бафеппайдта: фонси дзиуарæ адæмæй кæбæл бацæфстæй, е иннæ дзиуарæй нæбал сæйгæ кодта. Уæдта кæбæл бафтуйидæ, уобæл дæр айдагъдæр еу-дууæ донхæбози фæззиннидæ, æндæр нæ, сæйгæ дæр си нæ кодтонцæ.

«Мадта, – загъта дохтир, – гъоги цъæйæ сувæллæнттæбæл æфтаугæй, сæ уодтæн тас нæ уодзæнæй, дзиуарæй ба ервæздзæнæнцæ».

Ку бабæй фæззиндтæй дзиуарæ гъæуи, уæд дохтир Дженнер байевдалдæй æма сувæллæнтти бауæри еу-дууæ рауæнеми карди фиййæй цъæрæмухститæ кодта æма сæ гъоги цъæйæй исарста.

Уотемæй Дженнер кæбæлдæриддæр бафтудта цъæйæ, уонæй еу дæр дзиуарæй нæбал фæссæйгæ ‘й. Хъæбæр æхцæуæн куд нæ адтайдæ дохтир Дженнерæн, ке иссирдта хуасæ дзиллити бунисæфт ци нез кодта, уомæн.

Уайтæккæдæр Дженнер фегъосун кодта аци хабар алли бæстити дохтиртæн.

Етæ дæр гъоги цъæйæй дзиуарæ æфтаун байдæдтонцæ æма, раст Дженнер куд загъта, уотæ ‘рцудæй: æфтудтитæй еу дæр дзиуарæй нæбал садæй.

Уæдæй нурмæ дзиуарæ æфтаун алкæмидæр базудтонцæ.

Немуци бæсти дзиуарæй сæйгæ дæр, мæлгæ дæр некебал кæнуй. Уоми дууæ хатти æфтаунцæ: еу – анзмæ, дуккаг – дæсанздзудæй, уомæн æма еу æфтуд дæс анземæй фулдæр нæ агъаз кæнуй.

Уотæ кæнунцæ зундгин адæмтæ, æ нез дзиуари барæ ка нæ кæнуй. Махмæ дæр зонунцæ дзиуарæ ‘фтаун, фал уæддæр цæмæ мæлунцæ нæ сувæллæнттæ, уой туххæй ба радзордзинан иннæ хатт.

## ЦÆМÆЙ ÆДАС УÆН ФИДБИЛИЗÆЙ!..

*Абони мах дæр хъæбæр ка тухсун кæнуй, еци фидбилизхæссæг нези нихмæ ци мадзæлттæ арæзт цæуй, уонæй сæ ахсгиагдæр æй вакцинаци. Еума хатт уин æй игъосун кæнæн: куд æнæгъæнæ Уæрæсей, уотæ Цæгат Иристони еци мадзал æнхæстгонд цæуй дзиллонæй – дзиллондæрæй хуæцгæ нез коронавируси нихмæ прививкитæ конд цæунцæ Дзæуæгигъæуи 1-аг, 4-аг, 7-аг поликлиникити. Вакцинæ барвæндонæй ка кæнуй, уæхæн адæймæгути нимæдзæ дæр ирæзуй.*

***

*Уой хæццæ ма игъосун кæнæн: санитарон эпидемиологон уавæр ма нерæнгæ сагъæссаг ке æй, уомæ гæсгæ нæ республики Сæргълæууæг Битарти Вячеслави сæрмагонд унаффæмæ гæсгæ, Цæгат Иристони цæргутæ 65 анземæй фулдæр кæбæл цæуй, еци кари адæймæгутæн хееуварсгондæй даруни æмгъуд идарддæргонд æрцудæй 2021 анзи 21 феврали уæнгæ.*

*Зæгъун гъæуй уой дæр, æма республики Сæргълæууæги Укази куд амунд æй, уотемæй аци уагæвæрд нæ хауй еци кари адæмæй æ кустуати архайдбæл комкоммæ ке куст ахедуй, еци косгутæбæл. Уой фæдбæл унаффæ хæссунцæ кустдæтгутæ.*

*Не ‘мзæнхонтæ, ци гæнæн æма амал ес, уомæй уæхе гъæуай кæнетæ!.. Æнæнез уотæ!..*



Æмцæдесон паддзахæдти – АЕШ, Англиси æма ССР Цæдеси – сæргълæугути конференци байгон æй Ялти 1945 анзи 4 феврали.

**ГАСАНТИ Валерий: «Бæцæзати Юрий оперæ æма балети театри ци партитæ разардта, уони е 'сфæлдистадон уодцирени, хебæл зæрдиаг кусти, хе хуæдхуз æрмдзæфи фæрци исиста бæрзонд аййевади æмвæзадæмæ. Ци исфæлдистадон надбæл рацудæй, е кæд æнцон нæ адтæй, уæддæр раудæй хиццаг, фæрнгун æма намусгин».**

*Нæ республики Сæргълæууæг БИТАРТИ Вячеслав сæрмагондæй фембалдæй БÆЦÆЗАТИ Юрийи хæццæ, зæрдиагæй ин райарфæ кодта æ юбилейи фæдбæл, балæвар ин кодта зæрдæбæлдарæн лæвар.*



# НÆ ДЗИЛЛÆН ÆЙ УАРЗОН Æ ЗÆРДИУАГÆ ÆМА Æ АЙЙЕВАДÆЙ!..



БÆЦÆЗАТИ Юрий Къостай роли.

НÆ АДÆМИ алæмæти зарти фæрци дуйнеуон классикон музыкæмæ æхецæн фарни фæндаг ка райгæрста, æ агъазиауи искурдиади фæрци си æхецæн æма Иристонæн кадæ æма ном ка искодта, е æй Мариинаг театри республикон филиали солист, Уæрæсей Федераций æма Цæгат Иристони адæмон артист, зундгонд оперон зартæгæнæг Бæцæзати Юрий. Æрæги ибæл исæнхæст æй цуппаринсæй анзи.

Райгурдæй Иристони рагондæр гъæутæй еу Заманхъули. Æригон биццеуæй е 'ргом раздахта аййевадæмæ. Сæ синхи каргун хестæртæ фæскуст адæмон зартæ зарун ку райдайиуонцæ, уæд сæмæ биццеу игъосунæй не 'фсастæй. Фæстæдæр, гъæуи скъолай ахур кæнун ку райдæдта, еци рæстæгмæ исахур æй кафунбæл æма балалайкæй цæгъдунбæл дæр.

Заманхъулмæ сæмæ еуæхæни æрцудæй зундгонд музыкант Леон Давыдов. Е агурдта, аййевадæмæ зæрдæргъæвд ка 'й, уæхæн фæсевæди. Гъæуи ин кадæр Юрийи искурдиади туххæй радзурдта. Е биццеуи ку фæуууидта, уæд æ хæццæ лæмбунæг радзубанди кодта. Юрий ин рацагъта балалайкæбæл, сауæнгæ ма ин индиаг зартæ дæр ракодта. Леон имæ ку байгъуста, уæд æ десæн кæрон нæбал адтæй, æма ин загъта, цæмæй, скъола каст куддæр фæууа, уотæ идарддæр ахур кæнунмæ бацæуа Дзæуæгигъæуи музыкалон училищей (нур Гергити Валерийи номбæл аййевæдти колледж) вокалон хайадæмæ.

Зундгонд музыканти гъуди æригон биццеуæн фарни фæдзæхсти хузæн фæцæй, æма Юрий скъолай фæсте идарддæр ахур кæнунмæ бацудæй Дзæуæгигъæуи музыкалон училищемæ. Ахур си кодта адæмон инструментти хайади, фал заруни гъуддæгутæмæ е 'ргом фулдæр ке 'здахта, уомæ гæсгæ аци хайади ахурæй æ зæрдæ бустæги нæ рохс кодта.

Æма музыкалон училище æртæ къурси каст ку фæцæй, уæд идарддæр ахур кæнунмæ бацудæй Мæскуй Чайковскийи номбæл паддзахадон консерваторимæ. Фæлварæнтæ ци къамиси иуонгтæ истонцæ, етæ заманхъуйлаг биццеуи зармæ ку байгъустонцæ, уæд сæ десæн кæрон нæбал адтæй. Уотемæй æй райстонцæ консерваторий вокалон хайадæмæ. Фал аци уæлдæр скъола Юрий кæронмæ каст нæ фæцæй. Æ мадæ фæссæйгæ 'й æма 'й багъудæй фæстæмæ æ райгурæн гъæумæ иссæун.

Фал, куд фæззæгъунцæ, лæг æ царди нисанмæ разæнгардæй ку турна, уæд кæддæриддæр æ къохи бафтуйуй. Уотæ Юрийи мадæ ку фæдздзæбæх æй, уæд биццеу гъуди кæнун райдæдта, æ уæлдæр вокалон ахурадæ кæронмæ куд рахъæртун кæна, уобæл. Æма бацудæй Саратови паддзахадон консерваторимæ. Уой каст ку фæцæй, уæд Юрийи æхцæуæнæй косунмæ райстонцæ Саратови оперæ æма балети театрмæ. Евгъуд æноси 70-аг æнзти нæ республики байгон æй Оперæ æма балети театр. Е адтæй нæ адæмæн устур цийнæ æма амонди хуасæ. Цæмæй си нæхе искурдиадæгин зартæгæнгутæ косонцæ, аййевадæй нæ дзиллæн цийнæдзийнадæ хæссонцæ, сæ фæрци ба ирон композиторти хуæздæр уадзимистæ нæ бæсти адæмæн дæр зонгæ уонцæ, уой туххæй нæ республики разамунди æма театри сæйраг режиссер, Уæрæсей Федераций адæмон артист Лекъти Юрийи фæндæй нæ бæсти аллирауæнтæй, ка фæсахур, ка ба æ раздæри куст ниууадзгæй, Иристонмæ иссудæнцæ – Билаонти Долорес, Мукагъати Петр, Хъулати Елхъан æма Бæцæзати Юрий.

Аци театри сценæбæл удуæлдай исфæлдистадон куст кæнгæй, Юрий æ искурдиадæй, æ аййев хъæппæресæй нæ адæмæн устур цийнæдзийнадæ хæссуй нур 50 анземæй фулдæр.

– Ме 'сфæлдистадон фæндаги рæстæг нæ театри сценæбæл оперити æма опереттити ци партитæ разардтон, етæ мин сæ еугур дæр уарзон æма ахсгиаг æнцæ, фал си уæддæр мæ зæрдæн адгиндæр æй Плити Христофори оперæ «Къоста»-й нæ номдзуд поэти парти. Аци музыкалон уадзимис нурма еуактон ку адтæй, уæд си сæйраг парти зардта нæ иннæ зундгонд зартæгæнæг Харебати Сергей. Фал ибæл Христофор нæуæгæй ку бакуста, уæд сæйраг архайæги – Къостай парти разарун мæнæн бабарæ кодтонцæ. Фал мин еуемæй æхцæуæн адтæй, иннемæй ба ибæл гъавгæй кустон. Кæмидæр мæхебæл дузæрдуг дæр кодтон. Къостай удигъæдæ, æ меддуйне, зундирахаст ин аци уадзимиси æнхæстæй равдисун мæ бон ку нæ бауа, зæгъгæ. Фал куд фулдæр кустон мæ фæлгонцбæл, уотæ мæ гурусхæ минкъийæй-минкъийдæр кодта.

Номдзуд ирон оперон зартæгæнæг Бæцæзати Юрий æ искурдиадæй нæ бæсти вокалон аййевадæмæ бахаста аргъ кæмæн нæййес, уæхæн æвæрæн. Е 'сфæлдистадон архайди рæстæг имæ, куд дæсни зартæгæнæг, уотæ ци фæлтæрддзийнадæ æма зонундзийнæдтæ ес, уонæй рæдау хай кодта Гергити Валерийи номбæл аййевæдти колледжи вокалон хайади студенттæн. Е 'сфæлдистадон цæхæрæй ци фæсевæди фæххайгин кодта, етæ нуртæккæ æнтæстгинæй косунцæ нæ республики æма нæ аййевадон артдзæстити.

Лæгау-лæгæн е 'донуг сæттун фиццаг ци сауæдонæй адтæй, е кæмифæнди ку уа, уæддæр æй нæ иронх кæнуй. Уотæ Юрийæн дæр дуйней музыкалон классикон аййевади фæндагбæл ирон адæмон зари фæрци æрлæудтæй. Æма æ зæрдæн æ фидтæлти аййевадæ æй хъазар æма уарзон. Ци берæ рагон зартæ заруй, етæ цалдæр анзей размæ рауагъта хецæн дискбæл финстæй.

Номдзуд ирон оперон зартæгæнæг, рохситауæг, цæстуарзон хестæр, нæ республики кадгиндæр хуарзæнхæ «Иристони намус»-æн майданхæссæг Бæцæзати Юрий аци бæнтти исбæрæг кодта æ 80 анзей юбилей. Æ кадгин бæрæгбони фæдбæл ин мах дæр, газет «Дигори» редакций косгутæ, зæрдиагæй арфæ кæнæн!.. Нæ Иристони дзиллæн, фиццагидæр ба, алæмæти хъазар ин ка 'й, æ еци бийнонтæн, æ цæуæтæн æма уони цæуæтæн, æ ахурдзаутæн, мингай аййевадæуарзгутæн æ зундæй, æ уоди æма зæрди гъардзийнадæй устур цийнæ хæсгæй ма берæ æнзти куд цæра æнæнезæй æма зæрдрохсæй, уой ин нæ цæстæ уарзуй!

***ХЕКЪИЛАТИ Маринæ***

Дигорæ
Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».

**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел. 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæрей еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№179.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 01.02.2021.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мухурон рауагъдади пайдагонд ку цæуа, уæд гъæуама æнæмæнгæ бæрæггонд уа, «Дигорæ»-й ке рафинстонцæ, е.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**

**Рекламæ æма игъосункæнуйнæгти туххæй «Дигори» редакци æхемæ бæрнондзийнадæ нæ есуй.**